

Gen Ed ki Disponib pou w Peye Swen Sante ou:

The _____ Community Health Center's Sliding Fee Discount Program (Pwogram Diskont Sant Sante Kominotè Rabè sou Tarif)

_____ Sant Sante Kominotè a bay la sèvis konplè, detaye epi bon jan kalite sèvis swensante debaz moun ki nan nesosite, kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Nan _____ Swen Sante yo pa pral refize w swen menm si ou pa gen asirans sante. Ti liv sa pwal eksplike Community Health Center's Sliding Fee Discount Program (Pwogram Diskont Sant Sante Kominotè Rabè sou Tarif) pou ki ou ka kalifye.



Ki sa Sliding Fee Discount Program (Pwogram Diskont Rabè sou Tarif) a ye?

Li se yon pwogram ki ka ofri w yon rabè sou bòdwo medikal ou depanan sou konbyen kòb ou touché ak gwosè fanmi ou.

Ki sa mwen bezwen konnen sou Sliding Fee Discount Program (Pwogram Diskont Rabè sou Tarif)

- Pwogram nan fixe yon rabè sou sa ou peye ki baze sou gwosè fanmi ou ak konbyen lajan fanmi ou fè nan yon ane.
- Ou ka aplike pou yon rabè menm si w gen asirans sante.
- Chak sant sante fikse pwòp frè ak rabè li yo.

Kijan Pwogram rabè sou Tarif la mache?

Pwogram nan fèt pou pèmèt moun yo peye pou sèvis swen sante ki baze sou kapasite yo pou yo peye. Se poutèt sa, moun ki fè mwens lajan pral peye mwens pase moun ki fè plis lajan.

Ki sa mwen pral peye si mwen kalifye pou Pwogram lan?

Kantite ou ta ka peye pral depann de asirans santé ou, ansanm ak konbyen lajan fanmi ou fè ak gwosè fanmi ou.

Kalite Asirans	Ou KA Peye
Asirans Sante Prive	Dediktib ak / oswa Kopeman
Medicaid	Anyen
CHIP	Kopeman
Medicare	Kopeman
Ou Gen asirans sante epi ou kalifye pou Rabè sou Tarif Diskont la	Anyen, yon Ti Tarif tou piti, Diskont sou Tarif la.
Ou Pa gen asirans sante men ou kalifye pou Rabè sou Tarif Diskont la	Anyen, yon Ti Tarif tou piti, Diskont sou Tarif la.
Ou Pa gen asirans sante epi ou pa kalifye pou Rabè sou Tarif Pwogram Diskont la oswa ou chwazi pou w pa patisipe la dann la	Tarif Resilye

Kouman pou mwen aplike pou Pwogram la?

Tanpri, kite anplwaye nou yo konnen si ou enterese aplike pou Pwogram lan.

Ki papye mwen ka bezwen pou montre konbyen lajan fanmi mwen fè ak gwozè fanmi mwen?

Si ou pa gen okenn nan dokiman sa yo, nou PA PRAL voye ou ale; nou ka mande w siyen yon deklarasyon tanporè pwòp tèt ou pou nou ba'w tan pou w pote dokiman ki nesèsè yo.

Mo pou w Konnen

Dediktib: Kantite lajan pou ou peye anvan konpayi asirans lan kòmanse peye pòsyon li pou sèvis swen santé ou yo.

Kopeman: Yon kantite lajan fiks konpayi asirans la fikse e ke ou peye chak fwa ou resevwa majorite sèvis swen santé w yo.

Tarif Minim: Yon ti kantite lajan chak sant sante fikse ke ou ta ka peye yo ede kouvri depans pou swen santé ou.

Sonje...

nou _____
vle asire nou ke ou resevwa swen sante ke ou bezwen. Nou pral travay avèk ou pou nou jwenn yon solisyon pou peye pou sèvis swen sante ou, depann de sikonstans ou yo.



This project was supported by the Health Resources and Services Administration (HRSA) of the U.S. Department of Health and Human Services (HHS) under U30CS0 9737, Technical Assistance to Community and Migrant Health Centers and Homeless. (\$1,583,856). This information or content and conclusions are those of the author and should not be construed as the official position or policy of, nor should any endorsements be inferred by HRSA, HHS, or the U.S. Government.

